

# PREZANTASYON SOU TIMOUN ENTELIJAN

prezantè yo:

Edwige Seraphin, Ed.S., sikològ

Wilhel Jean-Louis, Ed.S., sikològ

# Ki lè ou di yon moun entelijan anpil?

- Se lè yon moun gen yon don espesyal pou li aprann byen vit nan domenn entelektyèl, atistik, sosyal, emosyonèl e fizik. (Gagne, F., 1985)

# Ki lè ou di yon moun entelijan anpil?

- Se lè moun nan montre abilite siperyè li genyen nan domenn entelektyèl, imajinasyon, atistik, ak nan abilite pou dirije oubyen pou aprann kèk matyè trè byen nan lekòl. (Javits, Act, 1988).

# Ki lè ou di yon moun entelijan anpil?

- Renzulli di vrè entelijans lan se fason moun nan sèvi ak don espesyal li genyen pou li reyisi nan anpil aspè nan lavi l.

# Ki jan nou rele timoun ki entelijan anpil yo?

- Fò anpil
- Eveye
- Madre
- Save
- Bon brenn
- Konèsè
- Bolit
- Jeni

# Ki jan ou rekonèt timoun ki entelijan yo?

- Nan fason li konprann, rezone, envante, rezoud pwoblèm, aprann, epi montre yon enterè ekstraòdinè nan anpil bagay.



# Ki sa w ka fè pou w ede pitit ou devlope entelijans li pi plis toujou?

- Pran enterè nan devlopman timoun nan.
- Patisipe nan zafè lekòl timoun nan
- Ankouraje timoun nan pou kontinye fè bon travay lekòl
- Bay timoun nan tout sipò l bezwen pou li kapab jwenn siksè